ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№117 (24.555) • 2023 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

## Республикэм къилэжьыж мылъкум хохъуэ

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрийрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Псыхуабэ лэжьыгъэ ІуэхукІэ щызэхуэзащ.**

КЪУЛЫКЪУЩІЭХЭР тепсэлъыхьащ республикэм щыщыІэ социально-экономикэ щытыкІэм. Макроэкономикэм къит бжыгъэхэм зыужьыныгъэ къагъэлъагъуэ. Мэкъумэш Іэнатіэмрэ промышленностымрэ йофІакІуэ, псэупІэ, гъуэгу ухуэныгъэхэр и пІалъэм зэфІагъэкІ, республикэм езым къилэжьыж мылъкум хохъуэ. 2019 гъэ лъандэрэ пІалъэ-пІалъэкІэ улахуэм хагъахъуэ. ЦІыхухэм я хэхъуэр зэрыдэкІуеямкІи япэ итхэм ящыщщ республикэр, япэ илъэс ныкъуэм ар процент 15,7-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Турист ІэнатІэм зыхуей хуэзэу зеужь. ЩІышылэм щегъэжьауэ шыщхьэуІу пщІондэ хэгъэгум турист мелуан 1,1-рэ къихьащ. Ар нэгъабэ и иджы хуэдэ пІалъэм елъытауэ процент 20-кІэ нэхъыбэщ. Іуащхьэмахуэ лъапэ Урысейм и щІыпІэ нэхъ цІэрыІуитхум хабжэ. ДяпэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 573-рэ къыхуаутІыпщынущ хьэщІэщ зэщхьхэр ящІын папщІэ. Апхуэдэуи Налшык турист нэхъыбэ дэсыфын хуэдэу хьэщІэщ ину 5 дащІыхь.

УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ щыта лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащІэм цІыхухэм я псэукІэр ирегъэфІакІуэ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, школи 9, щэнхабзэ ІуэхущІапІэу 9, сабий гъэсапІэу 52-рэ яухуащ, узыншагъэм щыкІэлъыплъ ІуэхущІапІэу 14 зэрагъэпэщыжащ, гъуэгу километр 830-рэ зыхуей хуагъэзэжащ. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа хъун папщІэ республикэм къыхуаутІыпщащ сом мелард 11.

Президентым и лІыкІуэмрэ Іэтащхьэмрэ тепсэлъыхьащ дзэ Іуэху хэхам хэт щІалэхэм я къулыкъур зэрырахьэкІым, я унагъуэхэм я Іуэху зыІутым, «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондыр зэрылажьэм, «ЛІыхъужьхэм я бынхэр» проектыр гъэзэщІа зэрыхъум.

КІуэкІуэ Казбек Чайкэ Юрий фІыщІэ хуищІащ Налшык къалэ дащІыхь поликлиникэ инымрэ онкологие диспансерымрэ я ухуэныгъэмкІэ, Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ хуабэщхэр щІынымкІэ, Іуащхьэмахуэ районым щыІэ гипс заводыр егъэжьэжынымкІэ сэбэп къазэрыхуэхъуам папщІэ. «Шэджэм щащІа хуабэщхэр бадзэуэгъуэм къызэІуахауэ арами, хадэхэкІыр иджыпсту къырахьэлІэж, «Гипсолит» заводми цІыхуи 175-рэ щолажьэ, дяпэкІэ 220-м нэс къащтэнущ», - жиІащ республикэ унафэщІым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ



• ЗэІущІэхэр

## ЩІалэгъуалэм я мурадыфІхэр

**«Урысейм и пэрытхэр» къэралпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр иджыблагъэ зэфІэкІащ. Псори зэхэту къапщтэмэ, цІыху 400-м нэс хэтащ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек яхуэзащ абы щытекІуахэу Бэгъуэт Мухьэмэд, Къармэ Мурат, Къуэщхьэ Инал, Аттаевэ Лейлэ, Гызыев Алим, Уэзрокъуэ Аннэ, Теунэ Мурат, Хьэпэ Замир сымэ. Мякининэ Оксанэрэ Ездэч Залымрэ зэІущІэм кърихьэлІэфакъым, Іуэхукіэ нэгъуэщІ щІыпІэ зэрыщыІэм къыхэкІыу.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «Урысейм и пэрытхэр» къэралпсо зэпеуэр УФ-м и Президентым и унафэкІэ 2017 гъэ лъандэрэ зэрекІуэкІыр икІи ар «Урысейр Іэмалхэр щыкуэд щІыналъэщ» Іуэхугъуэм и проект нэхъыфІхэм зэращыщыр. КІуэкІуэ Казбекрэ зэІущІэм хэтахэмрэ зытепсэлъыхьахэм ящыщщ гъунэгъу щІыналъэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм я сабийхэм защІэгъэкъуэн зэрыхуейр. Апхуэдэу ныбжьыщІэхэр щІыналъэм и Іэтащхьэм дэгуэшащ туризмэм, гъуэгу-транспорт ІэнатІэм, егъэджэныгъэм зегъэужьынымкІэ яІэ мурадхэмкІэ. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ дэтхэнэ проектри гъэзэщІэным хуэхьэзырщ.

«Си гуапэщ зэпеуэм пашэ щыхъуа ныбжьыщІэхэр гупу зэдэлэжьэну зэрыхьэзырыр, сыту жыпІэмэ узэгъусэмэщ ехъулІэныгъэфІхэм ущыхуэкІуэфынур, пэрытхэрнаІуэкъыщыхъунур, гупсысэщІэхэмрэ мурадыщІэхэмрэ къыщыунэхунур. Нэхъыщхьэжращи, зи щІалэгъуэхэр хьэзырщ республикэм ифІ зыхэлъ Іуэхугъуэхэм телэжьэну. Апхуэдэ зэпеуэхэм хэшэн хуейщ жыджэрагъышхуэ зыхэлъ ныбжьыщІэ нэхъыбэ, я зэфІэкІхэр къагъэнэІуэн папщІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэм щытекІуахэр хэтынущ щэкІуэгъуэм и 10 - 12-хэм Псыхуабэ щызэхашэну окружной Іыхьэм. Абы кІуэнущ ныбжьыщІэ 90. А зэпеуэм пашэ щыхъухэр ирагъэблэгъэнущ къэралпсо кІэух Іыхьэм. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ар 2024 гъэм къызэрагъэпэщынущ.

Ди республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «Урысейм и пэрытхэр» зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэм щытекІуахэм ехъуэхъуащ къэрал утыкуми пашэ щыхъуну, мурадыщІэхэмрэ ехъулІэныгъэщІэхэмрэ яІэну.

• ФокІадэм и 30-р Абхъаз Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

## Адэжь лъапсэм ираха щІы ІэмыщІэ

**Мы махуэхэм Апсным щагъэлъапІэ 1992 - 1993 гъэхэм екІуэкІа Куржы-Абхъаз зауэр я текІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 30 зэрырикъуар. Къэралпсо мыхьэнэ зиІэ а лъэпкъ махуэшхуэм и щІыхькІэ щІыналъэм Іуэхугъуэ куэд щокІуэкІ: зэхуэсхэр, гукъэкІыжхэр щыкуэд зэІущІэхэр, концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм ящыщщ Сыхъум дэт ЩІыхьым и парк фэеплъ щІыпІэм щекІуэкІа Іуэхугъуэри. Абхъазыдзэм лІыгъэрэ хахуагъэрэ зэрахьэу хэтахэм, щІыналъэм и щхьэхуитыныгъэм зи псэр щІэзытахэм, иужькІэ зи хьэдащхьэр ямыгъуэтыжу хъыбарыншэу кІуэдахэм илъэс 30-кІэ халъыта зауэлІитІыр – абхъаз щІалэ ПкІин Леонид Виссарион и къуэмрэ къэбэрдей щІалэ Ефэнды Арсен СултІан и къуэмрэ - пщІэшхуэ хуащІу щыщІалъхьэжащ а паркым.**

«АБХЪАЗЫМ и ЛІыхъужь» цІэ лъагэр зыхуагъэфэщауэ щыта кхъухьлъатэзехуэ хахуэ ПкІин Леонид зауэр иухыным мазищ иІэу хэкІуэдауэ щытащ. Абы зэрыхэта илъэс иримыкъум къриубыдэу абы 100-м щІигъукІэ зыщиІэтащ уэгум, и щІыналъэм



**ЩІыхьым и паркым фэеплъ зэхуэсыр щокІуэкІ.** *Сыхъум къалэ.*

къытезэрыгуа бийм яхэуэу. Къэбэрдей щІалэ, Аушыджэр щыщ Ефэнды Арсен СултІан и къуэри («Монгол» цІэрат и ныбжьэгъу зауэлІхэр къызэреджэр) и ІэщІагъэкІэ кхъухьлъатэзехуэт, абы Киев щыхуеджауэ. Ауэ Абхъазым и лъэсыдзэрщ зыхэтар икІи лІыгъэшхуэ къигъэлъэгъуащ . Бгъэдэлъа зауэ зэфІэкІхэм пэкІуэу адыгэ щІалэ щхьэмыгъазэм «Хахуагъэм папщІэ» къэрал дамыгъэ лъапІэри кърататауэ щытащ. Гумиста фронтым щызэуащ ар, Ахабюк Іуащхьэр, Сыхъум къалэр хуит къэзыщІыжахэм яхэтащ. Арсенщ, уІэгъэ хъуакІэу, и ныбжьэгъу щІалэ Годавэ Януш и гъусэу Абхъазым и ныпыр Министрхэм я Советым и Унэм 1993 гъэм фокІадэм и кІэм лъагэу щыфІэзыдзауэ щытар. Януш 1993 гъэм и фокІадэм и 29-м, текІуэныгъэр къахьыным зы махуэ фІэкІа имыІэжу, яукІауэ щытащ. Абы хуагъэфэщат Леон орденыр. Ефэнды Арсени и псэр итащ а махуэм, зэрыхуагъэфащэмкІэ, атІэми, абы и хьэдащхьэр щамыгъуэтыжым, хъыбарыншэу кІуэдахэм халъытащ...

(КІэухыр 12-нэ нап.)

## ЕГОРОВЭ Татьянэ:

# «ЩIэныгъэ зэкъуэтыныгъэм Фортов Владимир къыхолыдыкI»

**РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым зэIущIэ щекIуэкIащ, академик Фортов Владимир и Iуащхьэ («Пик Фортова») Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэIуахам теухуауэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэрэ.**



КОНФЕРЕНЦЫМ хэтхэм защыхуигъазэм, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ щIэныгъэм и лэжьакIуэхэр цIыху нэхъ зэчиифIэхэм ящыщу къызэралъытэр, Фортов Владимир абы зэрищапхъэр.

- ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ гумызагъэ, унафэщI Iущ, егъэджакIуэ Фортов Владимир и гъащIэр зытриухуар урысей щIэныгъэрщ, Хэкум хуэлэжьэнырщ. Абы гулъытэ зыхуищIыр Iуэхугъуэ нэхъ гугъухэрат икIи абыхэм ар пэлъэщырт, и зэфIэкIымрэ и Iущагъымрэ нэрылъагъуу, - жиIащ Егоровэм. - Илъэс куэдкIэ академикыр яхэтащ дуней псом и физик нэхъ лъэщ дыдэхэм. И лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым и мызакъуэу, абы и къару ирихьэлIэрт къэралым щIэныгъэм зыщегъэужьынми. Апхуэдэт къэралым дежкIэ нэхъ гугъуу щыщыта 90 гъэхэми. Абы щыгъуэм Фортовыр щылажьэрт Урысей Федерацэм и Правительствэм. ФIы и лъэныкъуэкIэ абы зыкъигъэлъэгъуащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и унафэщIу щыщытами.

Фортов Владимир къэрал, жылагъуэ дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуагъэфэщащ. Абы иIэщ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» «Зэныбжьэгъугъэ», «Невский Александр» орденхэм я нагъыщэ псори. ЩIэныгъэлIым къыхуагъэфэщащ нэгъуэщI къэрал саугъэтхэри. ИкъукIэ ди гуапэщ Фортовыр ди Къэбэрдей-Балъкъэрым пыщIауэ зэрыщытар. Ар илъэс куэдкIэ КъБКъУ-м и физикэ лабораторэм и унафэщIу лэжьащ, а еджапIэ нэхъыщхьэм и попечительскэ советми хэтащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, абы къызэрыхуагъэфэщар «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Абы къыхэкIыу тэмэму къэтлъытащ хэкум апхуэдиз хуэзыщIа, ди къуршхэр фIыуэ зылъагъуу щыта цIыхум и цIэр Кавказым и щыгу нэхъыщхьэм и зы лъагапIэм фIэтщыныр. А жэрдэмыр КъБР-м и Парламентым зэдэарэзыуэ щыдэтIыгъащ.

Ди зэманым IэмалыфI куэд диIэ хъуащ цIыху цIэрыIуэхэмрэ апхуэдэхэм я зэфIэкIхэмрэ уахътыншэ зэрытщIыным ехьэлIауэ. Ауэ дуней псом и картэм къыщыгъэлъэгъуа щIыпIэ гуэрым цIыхум и цIэр фIащыныр куэдрэ къэхъуркъым. Апхуэдэ гулъытэр и гуащIэкIэ къилэжьащ Фортовым. Арагъэнщ, мы Iуэхур (псом япэ дыдэу IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хэплъэу, УФ-м и Правительствэр арэзы техъуэжын хуейщ) тыншу, гугъуехь пымылъу, абы щыгъуэми зэман кIэщIым къыщIызэдгъэпэщыфар.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ зэхуэсым и пэ къихуэу, академикым и цIэр зытет фэеплъ пхъэбгъур бгым дэкIыу, лъагапIэм зэрыщагъэувар.

- СызэреплъымкIэ, мы Iуэхур нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ хъунущ зи илъэс 300-р 2024 гъэм зыгъэлъапIэну ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием теухуауэ ирагъэкIуэкIынухэм, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ яIэну.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм ящыщщ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и ФНЦ-м и щIэныгъэ унафэщI Иуан Пётр, РАН-м и академик Каляев Игорь, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор сымэ.

Фортов Владимир теухуа и гукъэкIыжхэм къызэхуэсахэм яхуиIуэтащ академикым ипхъу Светланэ. ЩIэныгъэлIхэр тепсэлъыхьащ Фортовым и гъащIэ гъуэгуанэм, щIэныгъэм къыщигъэна щIэинхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*



# Хабзэхэм я проектхэм хоплъэж

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ.**

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэм Егоровэ Татьянэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым мэкъумэш политикэмкIэ, щIыуэпсыр хъумэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «Удзыфэхэр» фракцэм и унафэщI, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Щхьэгъэпсэу Сэфарбий, ар «БотаникэмкIэ урыс жылагъуэ зэгухьэныгъэм» и вице-президенту зэрагъэувамкIэ. ЕхъулIэныгъэфIхэр иIэу, къалэн зыхуигъэувыжахэмрэ и проектхэмрэ зэригъэзэщIэн къару къыкъуэкIыу лэжьэну ехъуэхъуащ спикерыр депутатым.

Лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Парламентым хэтхэр тепсэлъыхьащ «ЦIыхухэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ таксикIэ къэшэкIэ хъуным теухуа» хабзэу КъБР-м зи проектыр щагъэхьэзырам. КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI Байдаев Сэлихь къыхигъэщащ республикэм щагъэхьэзыра а хабзэм и проектыр 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдэкIа, «Урысей федерацэм цIыхухэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ таксикIэ къыщешэкIыным теухуа», Федеральнэ хабзэ №580-ФЗ-м ипкъ иткIэ зэрызэхалъхьар:

- Хабзэм и проектым къызэригъэувымкIэ, КъБР-м и Правительствэмрэ республикэм и гъэзэщIакIуэ органым (Парламентым) щыщу къудамэм епха IуэхущIапIэмрэ зэхагъэщхьэхукIыу аращ цIыхухэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ къешэкIынымкIэ щхьэж къытехуэ къалэныр. Абы иджыри хохьэ цIыхухэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ республикэм къыщезышэкIыну хуит таксихэм лэжьэгъуэ пIалъэхэр зэрыхуагъэувыну щIыкIэр: хьэрычэтыщIэхэмрэ IэнатIэ Iутхэмрэ (юридическое лицо) - илъэси 5, я щхьэ хуэлэжьэжхэм (физическое лицо) - илъэси 5 е нэхъ мащIэ, иужьрейм а пIалъэр и лъэIу тхылъым къыщыхигъэщамэ. КъинэмыщIауэ, такси уасэхэр зытет мардэхэр къызэрагъэнэIуэну щIыкIэри хабзэкIэ ягъэувынущ.

Хабзэм и проектыр хуагъэхьащ и еплъыкIэр къагъэлъэгъуэну, зыгуэр халъхьэну, тепсэлъыхьыну гукъыдэж зиIэ псоми.

Хабзэубзыхухэр иджыри тепсэлъыхьащ Iулъхьэм ебэныным, УФ-м турист Iуэхур зэрыщызекIуэм, хьэщIэщхэмрэ абыхэм хуагъадэ унэхэмрэ епха экспериментхэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэхэм епха хабзэхэм я проектхэм, къинэмыщIауэ унафэ къащтащ егъэджэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэ зыбжанэм, мэкъумэшым, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ къыщыхэжаныкIахэм Парламентым и ЩIыхь тхылъ иратыну.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 30, *щэбэт***

♦**ЗэдзэкIакIуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Абхъаз Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Кужьы-Абхъаз зауэм къыщихьа ТекIуэныгъэр егъэлъапIэ**

♦**1960 гъэм** Налшык лэжьэн щыщIидзащ алэрыбгъу щащI «Горянка» фабрикэм.

♦**1965 гъэм** ягъэуващ «СССР-м щIыхь зиIэ и кхъухьлъатэзехуэ», «СССР-м щIыхь зиIэ и штурман» цIэхэр.

♦**1967 гъэм** дунейм щыяпэу хьэршым щызэпыуващ кхъухьитI. Ахэр тIури СССР-м ейт - «Космос-186»-мрэ «Космос-188»-мрэт.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ Сирием шынагъуэншагъэмкIэ и къарухэм я генерал-полковник, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Абазэ Уэлид**.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист **Мэз Сусаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20, жэщым градус 14 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 1, *тхьэмахуэ***

♦**Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Макъамэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Лы мышхыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Кофем и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и лъэсыдзэхэм я махуэщ**

♦**1924 гъэм** Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщызэIуахащ.

♦**1906 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей тхакIуэ, драматург **Нало Жансэхъу**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор **Хъуэт Владимир**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Амырхъан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 21-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 2, *блыщхьэ***

♦**Залымыгъэ мылэжьыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1945 гъэм** Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщызэIуахащ.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Дагъыстэным я цIыхубэ артист **Тут Заур**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец **Ерчэн Исуф**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ пауэрлифтинг спорт лIэужьыгъуэмкIэ плIэнейрэ (1996 - 1999 гъэхэм) дунейм и чемпион хъуа **Хъуажь Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градус 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Нэпкъым тетыр кхъуафэ хукIэкIэ Iэзэщ.**



● КъБР-м и Правительствэм

# ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Іуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэІущІэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къэрал мылъкум щыщ Налшык къалэм и муниципальнэ мылъкум хэгъэхьэжыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэбелджыла проектыр къигъэлъэгъуащ КъБР-м щІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министр **Тэхъу Аслъэн**.

ЗэІущІэм щыхэплъащ зи ныбжьыр илъэс 25-м фІэмыкІхэм хьэрычэтыщІэхэм я реестрым храгъэтха я хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ гранткІэ ахъшэ зэрыхухахынум и хабзэхэр зэрахъуэжым и проектым. Ар КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьащ.

- Проектыр тещІыхьащ мылъку зратынухэр къызэрыхахыну хабзэхэм. ДяпэкІэ хьэрычэтыщІэхэр нэхъ тыншу хэтыфынущ Іуэхум. Проектыр гъэзэщІэным и мардэм къытекІхэм папщІэ санкцэ щхьэхуэхэр ягъэувынущ, - жиІащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим** Май къалэмрэ Новоивановскэ жылэмрэ я зэхуакум газыр тезыгуэшэну бжьамийхэр зэрыщагъэувынур къызэрызэрагъэпэщынум и проектым и ІуэхукІэ къэпсэлъащ.

2023 гъэм КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм муниципалитетхэм папщІэ цІыхубэ транспортхэр зэрызэрагъэпэщыну мылъкум хухалъхьэным и проектым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр **ДыщэкІ Аслъэн**. Автобус 42-рэ къащэхун папщІэ министерствэм хуаутІыпщынущ сом мелуан 398-рэ мин 562-рэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ медицинэм и лэжьакІуэ щхьэхуэхэм дэІэпыкъуныгъэ етыным теухуа проектми.

- Федеральнэ мылъкум къыхэкІ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щхьэхуэ зылъысынухэм ящыщщ медицинэм и лэжьакІуэхэу медицинэм емыпха щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэр. Абыхэм ящыщщ ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ ІуэхутхьэбзэмкІэ программэм хэт биологхэр. Апхуэдэу, проектым къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и мылъкум къыхэкІыу паллиативнэ патронаж медицинэ Іуэхутхьэбзэ зыщІэхэм мазэ къэс социальнэ мылъку щхьэхуэ иратыну, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ **Иттиевэ Ларисэ**.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и бюджетым хущІагъунущ худэчых зиІэхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэхэмкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ. Абы теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэбелджыла проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лисун Еленэ**. КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ къащта проектым хухахынущ сом мелуани 100.

Республикэм и къэрал егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэхэм щылажьэхэм я улахуэм теухуа зэхъуэкІыныгъэхэр зыхэт проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор**.

- ЗэхъуэкІыныгъэхэр ехьэлІащ егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэхэм щыІэхэм я нэхъ мащІэу къахь ахъшэм 2023 гъэм шыщхьэуІум и 1-м щегъэжьауэ проценти 10 зэрыхэхъуэм. Апхуэдэуи, зэпымыууэ пІалъэ щхьэхуэкІэ егъэджэныгъэ ІэнатІэм пэрытхэм я улахуэр проценти 7-м щегъэжьауэ процент 15-м нэскІэ хэхъуэнущ. 2023 гъэм, фокІадэм и 1-м щыщІэдзауэ ІэнатІэм пэрыувагъащІэ ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм илъэсищым и кІуэцІкІэ ахъшэ бжыгъэ щхьэхуэ хуаутІыпщынущ. Проектым республикэ мылъкум щыщу сом мелуан 46-рэ мини 137,5-рэ текІуэдэнущ, - жиІащ министрым.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Иджырей библиотекэхэр мэбагъуэ

**Кыщпэк къуажэм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм къыщызэІуахащ Бахъсэн щІыналъэм щыяпэ модельнэ библиотекэ.**

ИДЖЫПСТУ тхылъ хъумапІэхэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр ират, ситу жыпІэмэ, къыдэкІуэтей щІэблэр тхылъ еджэным дихьэхын папщІэ, жьы хъуа Іэмал куэдым щІэрыщІагъ халъхьэн хуей мэхъу. Куэдыр щыгуфІыкІыпхъэу, абыкІэ ди республикэм и библиотекэхэм зэфІэкІыфІхэр яІэщ. Абы и щыхьэтщ илъэс зыбжанэ ипэкІэ къэралым и библиотекэ нэхъыфІхэр щылажьэ къалэхэм Налшык зэрыхагъэхьар.

Иджырей модельнэ библиотекэхэр, тхылъ хъумапІэ къудей мыхъуу, цІыхухэм я щІэныгъэмрэ я зэхэщІыкІымрэ зыщиужь щэнхабзэ ІэнатІэу щытын хуейщ. Абы къыхэкІыу ахэр къызэрагъэпэщ иджырей электроннэ ІэмэпсымэхэмкІэ, компьютерхэмкІэ, тхылъ гъэтІылъыгъэхэм я хъумапІэхэр, тхылъ еджапІэ пэшхэр иджырей дизайн щапхъэхэм тету зыхуей хуагъазэ, абыхэм екІуалІэ дэтхэнэми, я ныбжьым емылъытауэ, зыхуей тхылъхэр къыщагъуэтын хуэдэу.

«Щэнхабзэ», «Щэнхабзэм и къежьапІэ» лъэпкъ, къэрал пэхуэщІэхэм хиубыдэу, Кыщпэк дэт библиотекэр иджырей мардэхэм тету зэгъэпэщыжыным хухахат сом мелуанитху. Абы и фІыгъэкІэ пэшхэр зыхуей хуагъэзащ, унэлъащІэхэр, зыхуеину Іэмэпсымэхэр щІэуэ къащэхуащ, тхылъ гъэтІылъыгъэхэм къыхагъэхъуащ. Нобэ абыхэм я бжыгъэр мин 31-м нос.

Унэм и япэ къатым хэтщ тхылъ къеІыхыпІэр, ныбжь зиІэхэри тыншу екІуэлІэн хуэдэу. ЕтІуанэ къатыр зэгъусэу къакІуэ унагъуэхэм хухахащ. Ахэр псори ИнтернетымкІэ къызэгъэпэщащ. Тхылъ хъумапІэр зыхуей щыхуагъазэм абы и лэжьакІуэхэм къыхалъхьа жэрдэмхэми къыпакІухьакъым. Абыхэм ящыщщ «Пушкинымрэ фонарымрэ» зыфІаща плІанэпэр, «Евгений Онегин» поэмэм хэт Татьянэ зыбгъэдэсыр, художественнэ литературэхэмкІэ залым щІэджыкІакІуэхэм къащыпоплъэ Шерлок Холмсрэ Ватсонрэ я сурэтхэр.

ЩІыналъэ, жылагъуэ унафэщІхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ щІэныгъэм и кІыщу къалъытэ библиотекэхэр зэманым декІуу гъэлэжьэным.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр

● ТхылъыщІэ

**«Принт Центр» тхылъ тедзапІэм дунейм къыщытохьэ «Заметки» проектым хыхьэ тхылъхэр. ИпэкІэ къыдэкІа тхылъийм теухуа тхыгъэхэр тетащ ди газетым, иджы щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэнур ебгъуанэщ. Ар зэхэзыгъэувар Мамхэгъ Астемырщ.**




АДЫГЭ лъэпкъым и къежьапІэмрэ и тхыдэмрэ, лъэпкъ зэхуэсхэм, тхылъыщІэхэм я лъэтеуэвэхэм, есэп щІэныгъэм ди республикэм щиІэ гулъытэм, КъБКъУ-м есэпымкІэ и щІэныгъэлІхэу, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщІахэу дунейм ехыжахэми иджыпсту зи къару илъыгъуэхэми, Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щызезыхьахэм, школым есэпыр зэрыщрагъэдж щІыкІэм, зэчий зыбгъэдэлъ сабийхэм драгъэкІуэкІа лэжьыгъэм ятеухуа тхыгъэу езы Астемыри нэгъуэщІхэми я ІэдакъэщІэкІыу илъэс зэхуэмыдэхэм (1997-2018) газетхэмрэ сборникхэмрэ къытехуахэр итщ тхылъым. Апхуэдэуи абы къыщыхьащ Мамхэгъым зыщІыпІи къытримыгъэдзахэри, и тхыгъэрэ щІэныгъэ-методикэ лэжьыгъэу периодикэ къыдэкІыгъуэм къытехуахэмрэ я спискэри.

Хэт дежкІи щэхукъым иджыпсту тхылъ къыдэбгъэкІыну зэрыгугъур. Лъэпкъым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэхэр щылъщ, абы текІуэдэну мылъкур псоми зэрахуэмыгъэкъарум къыхэкІыу. Мамхэгъ Астемыр и тхылъым гъащІэ зэригъуэтар я фІыгъэщ еджэжыр щымащІэ ди зэманым ІуэхуфІ щызылэжьыну гупыж зыщІа хьэрычэтыщІэхэм: Темрокъуэ Ануаррэ Мэремкъул Умарбийрэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Счётчик «губзыгъэхэр» ягъэув

**«Кавказ Ищхъэрэм и Россети» ПАО-м и къудамэ «Къэббалъкъэнерго»-м республикэм и жылагъуэхэм электрокъарууэ къагъэсэбэпар къызэрапщытэ Іэмэпсымэ «губзыгъэхэр» щыгъэувын щІадзащ.**

ЩІЫНАЛЪЭМ фэтэр куэду зэхэт и унэхэм щІэт, зи пІалъэ икІа счётчикыжьхэр, къутахэр зэрахъуэкІ. А лэжьыгъэр нэсу зэфІагъэкІын папщІэ къащэхуну я мурадщ иджырей мардэм къитІасэ апхуэдэ прибору мини 2,7-рэ.

Иджыпсту республикэм щолажьэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу пщІэншэу яфІэкІуэд электрокъарур нэхъ мащІэ щІыным ехьэлІа программэ. Абы ипкъ иткІэ Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм щагъэуващ счётчик «губзыгъэу» мин 37,3-рэ. Дызэрыт илъэсым апхуэдэу мини 4,5-рэ Налшык къалэм къат куэду зэтет и унэхэм щІагъэувэнущ.

А Іэмэпсымэ «губзыгъэм» езым етх зы унагъуэм къылъысу къигъэсэбэпа электрокъарум и куэдагъыр, икІи иужькІэ ар ирегъэхь «Къэббалъкъэнерго»-м и ІуэхущІапІэхэм. Уэздыгъэу къагъэсэбэпар къэзылъытэр интернетми телефонми пыщІащ, Вай-файкІи мэлажьэ. Апхуэдэуи, счётчикым къепщ унэм екІуалІэ электрокъарум и лъэщагъыр зыхуэдизыр, ар мардэм къитІасэрэ къимытІасэри зэхегъэкІыф.

Абы къигъэлъагъуэ бжыгъэхэр къиптхыкІын, къэбгъэсэбэпар зыхуэдизым электрокъарур къэзыутІыпщхэр щыгъуазэ пщІын, бгъэсам пэкІуэ ахъшэр ептын папщІэ дяпэкІэ а псоми къакІэлъыпкІухьын хуей хъунукъым – псори нэрылъагъущ.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: счётчикым и лэжьыгъэм щхьэзыфІэфІагъкІэ хэІэбэну яужь ихьэхэм я мурадыр къайхъулІэнукъым - абы занщІэу хъыбар яригъэщІэнущ зыхуэфащэ ІэщІагъэлІхэм.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**




**Фыдогъэблагъэ!**

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэ
*«Б» дивизионым и ЕтІуанэ гуп. 12-нэ джэгугъуэ*
**«Спартак-Налшык» - «Астрахань»**
***Налшык. «Спартак» стадион.***
***ШыщхьэуІум и 1. Сыхьэт 15-м.***

# ДУДАР Заремэ: Псоми фIы хэплъэгъуэн хуейщ

**Нобэ ди псэлъэгъу Дудар Заремэ дизайнерщ, сурэтыщIщ, тхакIуэщ, IэпэIэсэщ, нэгъуэщI IэщIагъэхэми щехъулIа цIыхущ. Ар псоми фIыуэ тлъагъу адыгэ тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ Дудар Хьэутий ипхъущ. Заремэ гъуазджэм и дунейм къыщацIыху, абы лъэныкъуэ куэдкIэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыхущ.**



ЗЭ IУПЛЪЭГЪУЭКIЭ нэрылъагъущ ди лIыхъужьыр цIыху къызэрымыкIуэу зэрыщытыр, ар и хьэлым, зыIыгъыкIэм, зыхуэпэкIэм къытощ икIи а бзылъхугъэр зэпыпплъыхьыкIи, абы убгъэдэскIи зыщыбгъэнщIыркъым. И дэтхэнэ махуэри плъыфэбэу, къэхъугъэрэ IуэхущIафэкIэ гъэнщIащ ди лъэпкъэгъум. Ар и зэфIэкIкIэ ди къэралми абы и адрыщIми къыщацIыхуащ. А псоми чэзууэ дытепсэлъыхьынщ.

1996 гъэм Заремэ «Таинственный остров» фIэщыгъэм щIэт фэилъхьэгъуэхэр (авангард унэтIыныгъэ) Налшык утыку къыщрихьащ, къыкIэлъыкIуэ гъэм Псыхуабэ щекIуэкIа «Дизайн-97» VII хэгъэгу гъэлъэгъуэныгъэм абы «Илъэсым и дизайнер нэхъыфI» цIэр къыщыфIащауэ щытащ. Дударым а гъэ дыдэм къызэригъэпэщащ модэмкIэ «Кора» щIалэгъуалэ театр, икIи ахэр хэту «Псэр псэм деж» спектаклыр игъэуввауэ щытащ. 1998 гъэм «Летающие рыбки или подводный карнавал» фIэщыгъэм щIэт коллекцэ игъэхьэзыращ Заремэ. А илъэсым ар гъуазджэхэмкIэ школ №1-м (Налшык къалэ) щыгъыным и дизайнымкIэ студием и унафэщIу ирагъэблэгъащ. Къыхэгъэщыпхъэщ Заремэ иригъэджахэм ящыщ куэд дэрбзэр цIэрыIуэ зэрыхъуар, ахэр ди къэралми абы и адрыщIми ехъулIэу щолажьэ. «Коврик» щIалэгъуалэ театрым Успенский Лев и пьесэр и лъабжьэу щагъэува «Наследие Бахрама» спектаклым хэтхэм я фащэр зыдар аращ. АдэкIэ хъыджэбзым и творческэ лэжьыгъэм пищэну Москва макIуэри, абыи и Iуэхур хъарзынэу щызэтреухуэ. 1999 гъэм «Охотный ряд», «Калинка стокман» тыкуэнхэм и фэилъхьэгъуэхэр, бзылъхугъэм зэрызигъэщIэращIэ и IэрыкIхэр щащэ. Москва щекIуэкI зэпеуэ куэдым хыхьэурэ Дударыр пашэ щыхъуащ. 2001 гъэм щыщIэдзауэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Оскар утыкум зэритыну фащэхэр абы хуидын щIидзащ. Ар ирагъэблагъэри хагъэтащ ТВЦ телеканалымкIэ екIуэкIа «Мода+TV» нэтыным. «Обнажённая натура» кинофильмым хэтхэм я фэилъхьэгъуэхэр зыгъэхьэзырари елэжьари аращ. 2001 гъэм Заремэ Налшык щигъэуват Дудар Хьэутий и пьесэм къытращIыкIа «Нэчыхьытх» спектаклыр.

УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Ходочинская Ольгэ, Аминэ сымэ утыкум зэрит щыгъынхэр 2001 гъэм яхуидын щIидзащ, Москва щыIэ модельнэ агентствэхэм ядэлэжьащ. КъищынэмыщIауэ, Дударым «Адыги» къэфакIуэ гупым къафэ зыбжанэ щигъэуващ. 2002 гъэм щыщIэдзауэ ар Италием макIуэри, абы и зэфIэкIхэр утыку къыщрехьэ. Анконэ къалэм «БлэкIам и нэху» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэригъэпэщащ.

2006 абы къыдигъэкIащ «ZARA DUDAR. MODA STILE» фIэщыгъэм щIэт сурэтылъэ. Бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ хьэпшып, сумкэ цIыкIухэр ищIащ. 2009 гъэм «ГъащIэм и лъэужьхэр» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэ Милан утыку къыщрихьащ.

Санкт-Петербургрэ Налшыкрэ щагъэуващ «Basta.ru или виртуальная комедия» фIэщыгъэм щIэту Заремэ и Iэдакъэ къыщIэкIа пьесэр.

2012 - 2020 гъэхэм абы и лэжьыгъэр ихъуэжыну мурад ещIри, Сочэ къалэм Retrit SPA IуэхущIапIэ къыщызэIуех. Мы зэманым ар Налшык къэкIуэжауэ щопсэу, щолажьэ.

Гу зэрылъыфтащи, зы цIыхум хузэфIэмыкIын хуэдиз мэхъу Заремэ и гъащIэ гъуэгуанэм щыщу зи гугъу тщIам къэрыригъэубыдар, ауэ мыхэр дэ нэхъыщхьэу къытщыхъуу къыхэдгъэща мащIэращ.

Лъэныкъуэ куэдкIэ тфIэгъэщIэгъуэн хъуа бзылъхугъэр ди хьэщIэщым къедгъэблагъэри, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэми и лъабжьэр къыщежьэр сабиигъуэращ, аращ ди зэпсэлъэныгъэр къызэрыщIэддзари.

- Си сабиигъуэр театрым щыкIуащ, - къыддогуашэ ар. - Кулисэ къуагъым сыкъуэту театрым и мэгъу къарур куэдрэ зыхэсщIащ. Абы щагъэув спектаклхэм къыщагъэсэбэп Iэмалхэр, сценэр зэрагъэщIэращIэр къызэрымыкIуэу сфIэгъэщIэгъуэнт. Зы телъыджэ гуэрым сыхэту къысщыхъужырт. Унэм сыкъэкIуэжа иужь, ди хьэблэ сабийхэр зэхуэсшэсырти, театрым ещхьу згъэджэгурт. ЦIыхухэм я нэгу зегъэужьыныр, я гукъыдэжыр къэIэтыныр дапщэщи сфIэфIу щытащ. Ауэ...

Курыт еджапIэр къыщызухым, си шыпхъу нэхъыжьыр химием хуеджэрт. Сэ Iэижь сыхуэхъуауэ щхьэц щIэсщэрт. Ар IэщIагъэу къыхэсхыну сызэримурадыр си адэм къыщищIэм, идатэкъым. НэгъуэщI IэщIагъэ зэзгъэгъуэтыну си адэ-анэм трагъэчыныхьырт, сэ щхьэщIэщэ бэлыхь сыхъуну тезухуати, псори зэран къысхуэхъуу къэслъытэрт. Ауэ, мы гъащIэм сыт къыщыхъуми, псоми фIы хэплъэгъуэн хуейуэ аращ, ущыщIалэм а псор къыбгурыIуэркъым армыхъумэ. Си адэ-анэр зэрыхуеям хуэдэу, IэщIагъэ зэзгъэгъуэтащ. БиологиемкIэ факультетыр къэзуха иужь, диплом лэжьыгъэу стхар зэфIэстхъауэ щытащ (сыхагъэзыхьу сызэрырагъэджам и лъыщIэжурат ар *(мэдыхьэшх)*. ИужькIэ, илъэс куэд дэкIыжауэ ар къэслъыхъуэжати, згъуэтыжакъым. Дэфтэр хъумапIэ куэд щIэспщытыкIыурэ нэкIур зэрагъэдахэ пасэрей Iэмал куэд зэхуэсхьэсыжати, арат сыхуей щIэхъужар.

**- Илъэс дапщэм тхэн щIэбдза?**

- Иджыри курыт еджапIэм сыщIэсу усэ тхын щIэздзат. Ауэ нэхъыбэу дэнрат сыдэзыхьэхыр.

Си япэ щыгъын коллекцэр авангарднэу щытащ. Си гупсысэкIи IуэхущIафэкIи Налшык сыдэмызэгъэж щыхъум, зызужьыну, си IэдакъэщIэкIхэр нэхъ утыкушхуэхэм щызгъэлъэгъуэну сыхущIэкъурти, Москва сыкIуащ. Сэ слъагъурт си лэжьыгъэхэр и кIэм нэсу къазэрыгурымыIуэр, арат нэхъыщхьэу сытезыгъэгушхуари.

КъызэрымыкIуэу сфIэфIщ зыгуэр къызэзгъэпэщыну, Iуэху гуэр нэгъэсауэ сщIыну. Апхуэдэу жыджэру сызэрыщытыр куэдым я нэм къыщIоуэри, яфIэфIкъым. Ауэ къыттепсэлъыхьхэр куэдкIэ сэбэп къызэрытхуэхъур ящIамэ...

Си щыгъынхэр Москва сшэщ, режиссёр къэзгъуэтщ, программэ тщIыри, щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пщыхьэщхьэ къэс щыдгъэлъагъуэурэ дыкъекIуэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэу, дизайн студием лэжьэн щыщIэздзащ.

Сэ трикотажым къыхэсщIыкIыурэ зыми ямыIэ щыгъынхэр здырт, арат си щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэр. Апхуэдэу, илъэситху сызэрыхъурэ цы зэIущэныр къызохъулIэ, плъыфэ зэмыфэгъухэр зэхэлъхьэныр къызэрымыкIуэу сфIэфIщ.

Циркым и лэжьакIуэхэр, фигуристхэр утыку къызэрихьэну щыгъ щхъуэкIэплъыкIэхэр яхуэздащ. Авербух Илья, Лобачёвэ Иринэ, Дробязкэ Маргаритэ, Чайковская Еленэ, Тарасовэ Татьянэ сымэ садэлэжьащ. Куэду сфIэгъэщIэгъуэнт абыхэм щатIагъэхэр здыну. Си закъуэтэкъым, ахэр нэгъуэщI дизайнерхэми ядэлажьэрти, абыхэм еймрэ сысеймрэ зэхагъэувэурэ утыкум къихьэрт. Абыхэм къищынэмыщIауэ, цIыху щхьэхуэхэм сахуэдэрт. Зы гуп зэхуэсшэсауэ згъадэрт, ахэр зыуэ IэпщIэлъапщIэти...

Абы яужькIэ кином срагъэблагъэри, «Обнажённая натура» фильмым щыгъынхэмкIэ художникыу сыщылэжьащ.

Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэхэу Любшин Станислав, Грыу Лянка, Мартиросян Георгий, Артемьевэ Людмилэ, Стычкин Евгений сымэ хуабжьу цIыху телъыджэт. Ди къэралым цифровой камерэкIэ япэу щытрахар а фильмращ. Любшин Станислав къызэрысцIыхуам куэдрэ сыщыгуфIыкIыжащ. Ар цIыху телъыджэщ, щIэныгъэ, гъэсэныгъэ, зэфIэкI зиIэщ. Махуэ гуэрым ар къызэупщIащ «Зарэ, сыт хуэдэ лъэпкъ укъызыхэкIар?» - жиIэри. «Сыадыгэщ, Налшык сыщыщщ», - естыжащ зызгъэщIагъуэу жэуап. «Си анэшхуэ Лели адыгэт...», - къызжиIащ абы. КъызэрыщIэкIамкIэ, абы и адэшхуэр ди щIыналъэм къэкIуауэ мо хъыджэбзым егуакIуэщ, идыгъури, и благъэ-Iыхьлыхэм къаримыгъэгъуэту Москва щыпсэуауэ арат. Дапщэрэ хэзмыгъэзыхьами, и анэшхуэм и унэцIэр къызжиIакъым.

А зы фильмым и закъуэщ сыщылэжьар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар егъэлеяуэ Iуэху хьэлъэщ. Пэжщ, икIи гъэщIэгъуэнт, ауэ щыхъукIи езым и щхьэхуэныгъэ иIэт, си зэман куэд пщIэншэу сфIихьу къысщыхъурти, къэзгъэнэжащ.

Кином, театрым, циркым, фигуристхэм садэлэжьа иужь сэ къызгурыIуащ нэгъуэщI сфIэгъэщIэгъуэн Москва зэрыдэмылъыр. Си щыгъынхэр тыкуэн лъапIэхэм щысщэрт, фотосессие цIэрыIуэхэм щыщатIагъэрт. Арати, сытегушхуэри Италием сыкIуащ.

**- Хэкум къэбгъэзэжа иужь сыт хуэдэ Iуэхухэм яужь уихьа?**

- Карантиным дунейр зэрызэщIищтэ лъандэрэ сыкъэкIуэжауэ сыщыIэщ. Сочэ къалэ спа-салон къыщызэIусхри, зэман гуэркIэ згъэлэжьащ.

ИджыкIэ сыдэжыркъым, унэлъащIэр зэрагъэдахэ хьэпшып, пIэипхъуэ, алэрыбгъу, щхьэнтэтебзэ, сабийр зыкIуэцIашыхь хъыдан жэрумэ сыт хуэдэхэр цыкIэ зэIузощэ. Италием сыщыIэу къэзгупсысащ мы техникэ лIэужьыгъуэр. Пэжщ, ахэр нэхъыбэу зыщэхур Москва къалэм дэсхэращ, ауэ ди щIыналъэм щыпсэухэми къагурыIуэу пщIэ хуащI хъуну сыщогугъ. А лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Налшык щысщIын мурад сиIати, зыгуэрхэр зэхуэмыхъуу къэнэжащ.

КъищынэмыщIауэ, массаж сощI. ЦIыху Iэпкълъэпкъыр зэрыпшытIэнум, абы и щэхухэм ехьэлIауэ илъэс 15 ипэкIэ Iэмал телъыджэ гуэр къэсщIащ. Ар сэ езым си Iэпкълъэпкъыр къыщызэузым сэбэпышхуэ къысхуэхъуауэ щытащ, сэ схуэдэ куэдми яхуэщхьэпащ. А IэмалымкIэ лажьэу, ар къыхуэгъэсэбэпу ди щIыналъэм исыр си закъуэщ. Максимов Георгийщ ар къэзыгупсысар. Абы хуит зыкъезгъэщIауэ а Iэмалым теухуа тхылъи сотх. КъищынэмыщIауэ, бзылъхугъэр щIалэу нэхъыбэрэ къызэтезыгъанэ массажхэри сощI, цIыху согъасэ.

**- Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, Налшык и «Искож» хьэблэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ къыщызэIуаха IуэхущIапIэм пщIэншэу ущолажьэ.**

- Массажым къакIуэ бзылъхугъэхэм гукъыдэж ямыIэу зэхэукIауэ зэрыщытым гу лъыстащ. Абыхэм сэ нэхърэ илъэс 20-кIэ нэхъыщIэхэр яхэтщ, ауэ я гур кIуэдауэ, нэщхъейуэ дунейм тетщ. Арати, сигу ислъхьащ апхуэдэ цIыхубзхэм садэIэпыкъуну. Къафэ щезгъэкIуэкIын пэш къэслъыхъуэн щIэздзащ. ЗанщIэу жызоIэ, мыр мылъку къезгъэщIын мурадкIэ зэрезмыгъэжьар, ауэ бзылъхугъэхэм садэIэпыкъуну сыхуейт. СфIэфIкъым цIыхухэр щынэщхъейм деж!

Махуэ гуэрым Пащты Борис гъуэгум кърикIуэу сыхуэзэри, си мурадыр жесIати, хузэфIэкIымкIэ зыкъысщIигъэкъуэну сыкъигъэгугъащ. Куэд мыщIэу зыкъыспащIэри, Искож хьэблэм дэт IуэхущIапIэм къафэхэмкIэ дерсхэр щезгъэкIуэкIыну хуит сащIащ.

ЦIыхум жьыгъэр щIэх къемыуэлIэн папщIэ, зэи имыщIа гуэрым зрипщытын ищIэн, итIанэ бзэ гуэр зригъэщIэн хуейуэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ. Аращи, си деж къакIуэ бзылъхугъэхэр лъэпкъ къафэхэм хузогъасэ, къищынэмыщIауэ, итальяныбзэр зыдогъащIэ. Зы гупу дежьати, къэкIуэну хуейхэр куэд зэрыхъуам къыхэкIыу, гупитI тщIащ. Псоми зэщхьу фэилъхьэгъуэ едгъэдауэ, абыкIэ дыкъуофэ. Уеблэмэ, дауэдапщэ гуэрхэм драгъэблэгъат, ауэ цIыхубзхэр тегушхуакъым.

**- ЦIыхум и хьэл нэхъыфIу къэплъытэхэм я гугъуи уэзгъэщIынут.**

- ГушыIэр, уи щхьэ ущыдыхьэшхыжыфыныр, уи щыуагъэр къыбгурыIуэжыныр, уи мурадым ерыщу ухуэкIуэныр, цIыхухэм къыпхужаIэным емылъытауэ упсэуныр. Апхуэдэу, уи гъащIэм щыпч лъэбакъуэ къэс жэуаплыныгъэ зэрыпхьыр хьэкъыу къыбгурыIуэныр.

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**
*Сурэтыр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

# КъыдэкIыгъуэщIэм фыкъыщеджэ

**Иджыблагъэ дунейм къытехьащ «Iуащхьэмахуэ» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр - 2023 гъэм и еплIанэ номерыр.**




АР КЪЫЗЭIУАХ «Iуащхьэмахуэ» журналыр илъэс 65-рэ зэрырикъум теухуа тхыгъэхэм. Журналым и редактор нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Анатолэ «Лъэпкъ литературэм и гъуджэ» зыфIища тхыгъэмрэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ТIымыжь Хьэмыщэ «Адыгэ тхакIуэхэм я кIыщ» и IэдакъэщIэкIымрэ наIуэу къытхуаIуатэ «Iуащхьэмахуэм» и тхыдэр, абы къикIуа гъуэгуанэр ди нэгу къыщIагъэхьэ, мурадхэм дыщагъэгъуазэ. Тхыгъэхэр «зэщIэшхэжащ» редактор нэхъыщхьэу щытахэм, редакцэм зэман зэхуэмыдэхэм щылэжьахэм, иджыпсту абы и гъэхьэзырыныр зи пщэ дэлъхэм я сурэтхэмкIэ. ЖыпIэнурамэ, ди илъэс 65-м нэхъыфI къытхудэкIуэну дыщогугъри, къыдэкIыгъуэхэм къытеддзэн прозэ тхыгъэхэмрэ усыгъэ купщIафIэхэмрэ ди куэдыну, ди щIэджыкIакIуэхэм къахэхъуэну Тхьэм жиIэ.

Апхуэдэуи номерым и жьантIэр яхуэфащэ дыдэу къалъысащ тхакIуэ, щIэныгъэлI Нало Заурррэ усакIуэ АфIэунэ Лиуанрэ. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 95-рэ ирикъуа Налом и гъащIэ гъуэгуанэм дыщегъэгъуазэ «АдыгэлI щэджащэ» (зытхар Истэпан Залинэщ) зи фIэщыгъэ тхыгъэ кIэщIым. Абы и творчествэм гупсэхуу тетхыхьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм, «Езыр уардэт, и Iэужьри апхуэдэт» псалъащхьэм щIэту. АдэкIэ дыкъоджэ Заур и «ТIуанэ», «Дыгъэ шыр» новеллэхэм, и усэ купщIафIэхэм.

АфIэунэ Лиуан и сабиибзэ дахэм и гугъу щыщIащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэвжокъуэ Людмилэ и «ЦIыкIухэм ноби яхуоупсэ» тхыгъэм. Ар щIигъэбыдэжу журналым къыщыхьащ Лиуан и усэхэр.

«Прозэ» рубрикэм щIэтщ МэшбащIэ Исхьэкъ и «Уафэбгыкъу и нэлат» романыр. Япэ номерым къыщыщIэдзауэ Iыхьэ-Iыхьэу гуэшауэ теддза а тхыгъэшхуэм и иужьрейрщ еплIанэ къыдэкIыгъуэм тетыр. Ар зэридзэкIащ усакIуэ Къармэ Iэсият.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ «Евгений Онегин»-р Хьэмыз Руслан зэрызэридзэкIам теухуауэ» и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр хохьэ егъэджакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, литературэджхэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэну къысщыхъу «Литературэ щIэныгъэ. Критикэ» рубрикэм.

Дыкъынэ Зураб и гъащIэм теухуа «ЗауэлI хахуэм и гъуэгуанэмрэ» Шыфэкъуж Данэ и интервьюмрэ («Адэжь лъахэр щыппэIэщIэм и дежщ ар зэрылъапIэр щызыхэпщIэр») публицистикэ тхыгъэщ. Данэ къэзыгъэпсэлъар, и Iуэху еплъыкIэхэр, и хъуэпсапIэхэр, и мурадхэр наIуэ къэзыщIар НэщIэпыджэ Замирэщ. Апхуэдэуи журналым и напэкIуэцIхэр хухэхащ Шыфэкъуж Данэ и усыгъэхэм.

Журналым и редакцэм ди хьэщIащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ пажэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Хьэмыку Жаннэ. ЖызыIэн зи куэд, уепсэлъэну сытым дежи щIэщыгъуэ, зи лэжьыгъэр, Iуэху зехьэкIэр, утыку итыкIэр щапхъэ бзылъхугъэм и интервьюм IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ Жаннэ и гупсысэр, и гъащIэ къекIуэкIыкIар, абы и дежкIэ театрыр зищIысыр, роль игъэзэщIахэм нэхъ къыхигъэщхьэхукIыу, къыхигъэпажыкIыу хэтхэр. Сурэт дахэхэмкIэ гъэбеящ «Культурэ» рубрикэр зыхухэтха тхыгъэр. Хэбдзын хэмылъу апхуэдэщ нэхъ пасэуи иужьыIуэкIи трахахэр, Жаннэ и нэIурытагъыр уагъэлъагъу, игъэзащIэ ролым зэрихьэфыр къыуагъащIэ.

Журналым и иужьрей напэкIуэцIхэм итщ Хьэкъун Барэсбий и «Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр». Абы къыкIэлъокIуэ икIи журналыр зэхуещIыж куэдым яфIэгъэщIэгъуэн псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.*

● Жыжьэ - гъунэгъу

# Гуащэм и тыгъэ

**Адыгэхэм ди лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм халъытэ ди фащэр. Ар дызэрыгушхуэщ, щIэблэ куэдым лIэщIыгъуэхэм къыпхаха дахагъэщ, лъапIэныгъэщ. Ди адыгэ фащэр ауэ сытми щыгъыныгъуэ къудейкъым, атIэ ар фэилъхьэгъуэу къыхэзызыхыр хущIокъу акъылыфIэу, нэмысыфIэу, пщIэрэ шыIэныгъэрэ хэлъу щытыну, фащэм а лъэпкъ щыпкъагъэ псоми ухуеущийри.**



ПЭЖЫР жыпIэнумэ, иджырей зэманым адыгэ фащэр щIалэгъуалэм нэхъ зэрахьэу жыпIэ хъунущ. Езы фащэр зэрыщытын хуей дыдэм хуэдэу щамытIагъэми, щIэх-щIэхыурэ долъагъу ар зэрызэхэлъ Iыхьэхэм ящыщ гуэрхэр хэт и джанэм, нэгъуэщIым и бостейм кIэрилъхьэу. Ари хъарзынэщ, ипэкIэ Iуэхур зэрыщытам тепщIыхьмэ. Уегъэгуфlэ абы, апхуэдэуи уегъэгушхуэ.

ЩыIащ лъэхъэнэ дуней псом щыцIэрыIуэ, куэдым яфIэтелъыджэ ди адыгэ фащэр IэщIыб хъужауэ щыщыта. Апхуэдэт лIэщIыгъуэ блэкIам и 60 - 90 гъэхэр. Абы щыгъуэ фащэр зезыхьэжу къызыхуэнэжар къэфакIуэ гупхэрат, нэгъуэщIу ар щыплъагъунур музейхэрат. Унагъуэм нысашэ яIэмэ, фащэхэр, псом хуэмыдэу цIыхубзым ейр, къыщалъэIухуэрт щэнхабзэмкIэ унэхэм, къэфакIуэ гуп зиIэ клубхэм. Апхуэдэу щытт сэ унагъуэ сыщихьа (нэхъыжьхэм фи нэмыс нэхъ лъагэж ухъу) 80 гъэхэм я пэщIэдзэри. Лэгъунэм щIэс сэ нысащIэм плъакIуэ нысхуэкIуэхэм хъыбару нысхуахьыр сфIэхьэлэмэтт. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, гуащэ схуэхъуа, Хъуэстхэ япхъу Бабусэ (зэи ди Iупэ къэмыса и цIэр мыбдежым къызэрыщисIуэм щхьэкIэ емыкIу сыкъэвмыщI) нысащIэр хьэгъуэлIыгъуэм зэрыхэтыну фащэр къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм хьэхуу къыщищтэнутэкъым, атIэ унагъуэм япэу къраша нэрыбгэм ар хуригъэдынут. Нысэ нэхъыжьым зэрихьа нэужь, адрей и къуищм псэгъуу къыхахыну пщащэ цIыкIухэми а фащэр иужькIэ щатIэгъэжын хуэдэу триухуат абы.

Гуащэм жиIамэ, зэфIэкIакъэ?! Махуэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу сэ сыкъашащ къалащхьэм дэту щыта «Берёзка» ательем. А зэманым лъэпкъ фащэ щаду ди щIыналъэм итыр а зы Iуэхущlапlэрат. Дэрбзэрым щапхъэ къыстриха нэужь, гъусэ къысхуащIа бзылъхугъэ цIыкIум (ар си тхьэмадэм и къуэш нэхъыжьым и нысэт) гуащэм къызэрыжриIам тету, фащэр къызыхадыкIыну щэкIыр къыхихащ. ЕтIуанэ къэкIуэгъуэм фащэр хьэзыру къыдатыжауэ щытащ. Ар япэу щыщыстIэгъа дакъикъэр иджыпсту хуэдэу сощIэж: си гур къилъэтыным хуэдэт, апхуэдизу сыгуфIэрт икIи сыгушхуэрти: фащэ зыхурагъэдыр зырызыххэт абы щыгъуэ, нэхъыбэм хьэхуу къыхуащтэу арат.

НтIэ, си фащэр дахащэт. Бостей зэгуэхыр къызыхащIыкIар къэдабэ плъыжьыбзэт, и щIагъым къыщIэлъыр дарий гъуэжьыфэу нэхутхьэхут, бгъэIулъыр дыщэпсрэ данэпсу зэхэтт, Iэщхьэ тхьэмпэри бостейм и кIэдахъуэхэри, пыIэ хъурей цIыкIури щIыгъужу апхуэдэ дыдэ дыщэпс IуданэкIэ хэдыкIауэ щытти, зэщIэлыдэрт, зэщIэпщIыпщIэрт. И бгырыпхыр-щэ?! Ари лыдыжу си бгы псыгъуэм теукъуэдият. ЖыпIэнурамэ, къысщыхъурт си фащэр нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ, щыгъыныгъуэу щыIэм ефIэкI фэилъхьэгъуэ телъыджэу. ИпэжыпэкIэ, уэрэдым зэрыщыжыIауэ, зэхуэфащэщ адыгэ пщащэмрэ адыгэ фащэмрэ, тIури зэхуэдэу дахащэу. А псоми гуащэм къыщIигъужат Iэлъыным ижыным хуэдэу пIащIэрэ Iу бахъэм ихь данэпсымрэ кхъуакIэ Iуданэхэр кIыхьу зыпылъ дарий IэлъэщIышхуэмрэ.

А псори екIуу зыщыгъ адыгэ нысащIэу сыхэтащ си хьэгъуэлIыгъуэм. СызэзыгъэцIыхуу IэплIэ къысхуэзыщI нанэ Iумахуэхэм ящыщхэр щIэупщIэрт си фащэ екIур дэнэ къыщащтами. Iуэхум и пэжыпIэм щыгъуазэхэм апщIондэхукIи жаIэрт: «Ар гуащэм и тыгъэ фащэщ. Хуригъэдащ, тхьэ». Сэри апхуэдэ пщIэ зэрызгъуэтам дамэ къыстригъакIэрт.

Си гуащэм зэрыжиIам хуэдэу, сэ схурагъэдауэ щыта фащэр иужькIэ ящыгъащ къысхуаша нысэгъу цIыкIухэми. Хэти хущIэддащ, адрейми хуитIулIыкIащ (ахэр сэрат зи къалэныр) – сытми, фащэр дахащэу ящыгъыу си нысэгъухэу Алли, Анжели, Амини я хьэгъуэлIыгъуэхэр ирырахащ. Абдеж къыщынакъым. Си фащэ дахэр ящыгъащ си нысэ цIыкIухэу Бэллэрэ Эльмиррэри. Алыхьым и фIыщIэкIэ, а фэ илъхьэгъуэр угъурлы тхуэхъуащ дэтхэнэми: псори унагъуэ тэмэму, ди бынхэр зэдэтпIыжу, гъащIэм увыпIэ зырыз щыдгъуэтауэ дыкъогъуэгурыкIуэ. Гуащэм дызэриущияуэ, дытыншыну дыхуейти, дызэрыхьа унагъуэм и хабзэр къэтщтащ, шхын зэхэдзрэ Iуэху зэхэдзрэ дымыщIу. Аращ иджы ди нэхъыщIэхэр зыщIэдгъэдэIур. Я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI ди гуащэ-тхьэмадэ нэхъыжьыфIхэм – абыхэм я чэнджэщ щхьэпэхэр нобэми гъуазэу диIэщ.

КъинэмыщIауэ, гуащэ Iумахуэм и тыгъэ фащэр хьэхуу куэдрэ сIахащ гъунэгъухэми, благъэхэми, Iыхьлыхэми. Ар ящыгъыу школакIуэ цIыкIухэр мызэмытIэу хэтащ Аруан щIыналъэм щекIуэкIа «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэу. Дауи, а текIуэныгъэхэр къэзыхьар езы пщащэ цIыкIухэращ, ахэр зыхуагъэфэщар абыхэм яхэлъ акъылыфIагъымрэ Iэдэбагъымрэщ, хабзэмрэ нэмысымрэщ, зэхэщIыкIымрэ гупсысэмрэщ, итIани... си гуащэм и тыгъэ си фащэми и Iыхьэ мащIэ хэлъу пIэрэ, жызоIэ.

Сэ схурагъэдауэ щыта цIыхубз фащэм зыкIи къыкIэрымыхуу адыгэ цIыхухъу фащэ цIыкIу, фэ бгырыпхри къамэ цIыкIури щIыгъужу, а ателье дыдэм щыхуедгъэдауэ щытащ ди бын пажэ Замири. Къэхъун дэт курыт школ №1-м 1991 - 1992 гъэ еджэгъуэщIэр зэраублэжым и нэщэнэ япэ уэзджынэр утыкушхуэм къыщезыгъэуауэ щытар а адыгэ фащэ екIур хуэфIыпсу зыщыгъ, 1-нэ классым щIэтIысхьауэ щыта а щIалэ цIыкIуращ. ЩIалэ нэхъыщIэ Алими иужькIэ щыгъа а фащэри унагъуэм щызыдохьэ.

Нобэ, Алыхьым и фIыщIэкIэ, щIэблэм хуэнэхъуеишэу яфIэхьэлэмэтщ адыгэ хабзэри нэмысри, лъэпкъ тхыдэри щэнхабзэри. Адыгэ фащэр е ар зэрызэхэлъ пкъыгъуэхэм ящыщ гуэрхэри зи щыгъынхэм хэлъу зезыхьэхэр, къэзыгъэсэбэпхэр мащIэкъым. Абы, сызэригугъэмкIэ, къегъэлъагъуэ лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм епха Iуэхугъуэ куэдым щIалэгъуалэр кIуэ пэтми нэхъ дихьэх зэрыхъужыр. Ар фIыгъуэшхуэщ.

А псоми согупсыс си щыгъын нэхъыфIхэм, нэхъ лъапIэхэм яхэлъу фIэдзапIэм фIэлъ си адыгэ фащэм сыщеплъкIэ. КъэсIуэтэжам хуэдэ куэди си гум къыдредзеиж абы щыгъуэм...

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я кIыщ

**СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ «Радуга талантов» выставкэр. Абы утыку къыщрахьащ ГъуазджэхэмкIэ сабий школ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэм и егъэджакIуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ я лэжьыгъэхэр.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР теухуащ ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №2-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэририкъум. Абы зыкърагъэхьэлIащ щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэр, гъуазджэм дихьэххэм.

Декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшыпхэм ящыщу ягъэлъагъуэ адыгэ арджэнхэр, фащэхэмрэ абы кIэрылъ пкъыгъуэхэмрэ, дыщэидэ, уагъэ хьэпшыпхэр, пхъэм, ятIэ гъэжьам къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр, графикэ лэжьыгъэхэр, сурэтхэр. Музейм и пэшищым щыщу тIум - егъэджакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, адрейм - ныбжьыщIэхэм иужьрей илъэсхэм ящIа лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор выставкэр къыщызэIуихым жиIащ ди зэманым щIэблэр щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щIэпIыкIыным, абы дегъэхьэхыным мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Министрым и псалъэм щIигъужащ дахагъэм зыхигъэгъуэзэну зэхыхьэм зэрызыкъригъэхьэлIар икIи егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ фIыщIэ яхуищIри, дяпэкIи заужьыну, ефIэкIуэну ехъуэхъуащ ар.

Техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысей Академием социальнэ егъэджэныгъэмкIэ и академик, ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №2-р къызэIузыха Хъурей Феликс къекIуэлIахэм яхутепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм и тхыдэмрэ къикIуа гъуэгуанэ дахэмрэ. Абы Музыкэ школ псори ГъуазджэхэмкIэ школу зэрахъуэкIыжыну къыхуриджащ, ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №2-м IэщIагъэ 35-м зэрыщыхурагъаджэр къыхигъэщри.

Налшык къалэм и Бзылъхугъэхэм я советым и унафэщI Дыджэш Лидэ я зэгухьэныгъэм хэтхэм къабгъэдэкIыу егъэджакIуэхэмрэ абы екIуалIэ ныбжьыщIэхэмрэ ехъуэхъуащ я школыр илъэс 30 зэрырикъумкIэ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэрэ КъБР-м художественнэ егъэджэныгъэмкIэ и Методикэ центрым и унафэщI Бэрбэч Беслъэнрэ я псалъэм къыхагъэщащ Сабий школым и егъэджакIуэхэм щIэблэм я гъэсэныгъэм, цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъэм, IэпэIэсагъэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIыр, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зэрагъэбейр, зэпеуэхэм пашэ зэрыщыхъур.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ ГъуазджэхэмкIэ Сабий школ №1-м и унафэщI Темыркъан Людмилэ, Нарткъалэ гъуазджэм щыхурагъаджэу дэт «Лэгъупыкъу» сабий школ №1-м и унафэщI Къардэн Равидэ, ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №2-м и егъэджакIуэхэу Тхьэгъэлэдж Агнессэрэ Гацолаевэ Светланэрэ, нэгъуэщIхэри.

ГъуазджэхэмкIэ Сабий школ №2-м и унафэщI Къуныжь Айшэт жиIащ лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, республикэм и художник, IэпщIэлъапщIэ куэдым а школыр къызэраухар. Абы фIыщIэ яхуищIащ выставкэм къекIуэлIахэмрэ псалъэ гуапэхэр къахужызыIахэмрэ.

Выставкэр жэпуэгъуэм и 15 пщIондэ лэжьэнущ. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм лIэщIыгъуэхэм къыпхаха я щэнхабзэ, гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэхэм зыщыщыбгъэгъуэзэфынущ абы. КъыжыIапхъэщ гъэлъэгъуэныгъэм къриубыдэу абы мастер-классхэр къызэрыщызэрагъэпэщынур.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



*Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ (Ислъэмей) къуажэм дэт курыт еджапIэм и 1-нэ, 5-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэ цIыкIухэм Адыгэ фащэм и махуэр дахэу зэрагъэлъэпIам феплъыт. Ар я фIыгъэщ а цIыкIухэм я класс унафэщIхэу ТIымыжь Залинэрэ (1-нэ класс) Хъыдзэ Люсенэрэ (5-нэ класс). ЦIыкIухэр фащэгъэфIэж махуэм хуэзыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ я егъэджакIуэ ТIымыжь Лацэщ. Лъэпкъ фащэкIэ хуэпа мы цIыкIухэм я анэдэлъхубзэр зэрагъэбзэрабзэр зэхэпха иужь гурыфIыгъуэ ин къует, лъэпкъым и къэкIуэнум фIыкIэ ущегъэгугъ.*

*Шэхур пщтыр щIыкIэ яхуз, щIалэр цIыкIу щIыкIэ ягъасэ!*






● Хамэ къэралхэр

# «Щэхум и чэщанэм» тралъхьэ

Индием иІыгъ щІым и инагъкІэ дуней псом ебланэ увыпІэр щиубыду арами, цІыхухэм я бжыгъэкІэ пащэщ. Хуэгъэфэщауэ къызэрабжамкІэ, Индием цІыху мелард 1,4-м щІигъу щопсэу.

* * *

Индием диным ехьэлІа махуэшхуэ яІэщ, илъэс 12-м зэ ягъэлъапІэу. Зи чэзу Кумбха-мела махуэшхуэр 2013 гъэм щІышылэм и 14-м ягъэлъэпІащ. А махуэм индуист щихъым я щхьэр хуагъэщхъыну Аллахабад щызэхуэсат цІыху мелуани 100-м щІигъу.

* * *

Дунеягъэм и пкъыгъуиплІыр (мафІэр, щІыр, хьэуар, псыр) ямыуфІеин папщІэ, дунейм ехыжам и хьэдэр нэхъыбэм щІым щІалъхьэркъым, атІэ «щэхум и чэщанэм» тралъхьэри, къуалэбзухэм яшхыж. Къэна къупщхьэлъапщхьэр псыкъуийм ирадзыхыж.



● Чэнджэщхэр

# ЩІэщыгъуэр гуакІуэщ

**♦ФІыщІэ зыхуэфащэр цІыхум Іейуэ хэлъыр зыгъэмащІэу фІыуэ хэлъыр зыгъэбагъуэрщ.**
**♦Хьэ пэтрэ, щыбгъэкІмэ, хэплъыхь ещІ.**
**♦ЦІыху зи жагъуэ къулейсызщ.**
**♦Щхьэщытхъум и пщІэр жыжьэ нэсыркъым.**
**♦ЩІэщыгъуэр гуакІуэщ, щІэщыгъуэр ІэфІщ.**
**♦Лъэужь дахэ дунейм къытебнэмэ, цІыхум уи цІэр ягъэлъэпІэнщ.**
**♦НэгъуэщІым бампІэ тезылъхьэр езыр бампІэм ехьыж.**
**♦МыхъумыщІагъэр зи нэрыгъым и гъащІэр кІэщІщ.**

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

# Псэущхьэ хьилэшы

● ЦІыкІухэм папщІэ

Джэдур губгъуэм ихьэри, пщыІэ щыхисащ, бжэІупэм пхъэлъантхъуэ Іуигъэуващ. Зы теуэгъуэ хуэдизкІэ гъунэгъу зыкъыхуащІри, мэз лъапэм щетІысэхащ мыщэр, кхъуэпІащэр, дыгъужьыр. Щыри ныбаджэщ.

- Ди гъунэгъум ди хьэтыр къилъагъункІэ мэхъу: джэдум деж тхуэкІуи, дызэдзэкъэн гуэр къытхуеІых, - жари дыгъужьыр ягъэкІуащ.

Джэдум и пщыІэм техьэри, дыгъужьым жиІащ:

- Гъунэгъу хабзэщ: дызэдзэкъэн гуэр къыдэт - мыщэри, кхъуэпІащэри, сэри дыныбаджэщ, тхьэмахуэм щІигъуащи, ди джийм дзэкъэгъуэ ехакъым. СыткІэ укъытхуэупсэн?

- Мо пхъэлъантхъуэм дыгъужь кІэбдз фІэлъщи, узот, зыгуэр къыфхуищІэнщ, - жиІащ джэдум, пщыІэм къыщІэплъри.

- Уэ дыгъужьыл пшхырэ? - и нэр къихуащ дыгъужьым.

- Дыгъужьыли си мыхьэмышхкъым, - жиІащ джэдум.

Ар щызэхихым, дыгъужьым кІэбгъу зищІыжащ.

- Хьэтырыншэщ ди гъунэгъур, - жиІащ дыгъужьым, мыщэмрэ кхъуэпІащэмрэ яхыхьэжри.

- Уэ кІуэ, уи хьэтыр къилъагъункІэ мэхъу, - жери мыщэм кхъуэпІащэр иутІыпщащ.

Джэдум и пщыІэм техьэри, кхъуэпІащэр джащ:

- Джэдуужь, дызэдзэкъэн гуэр къыдэт, - жери.

ПщыІэм къыщІэкІри, джэдум жиІащ:

- КхъуэпІащэ дзажэ фІэлъщ пхъэлъантхъуэм, ар фызот.

- КхъуэпІащи уи шхыныгъуэ?

- Си шхыныгъуэщ: срихьэлІауэ сыблэкІыркъым.

«Мыбы сыІэщІэкІуэдэнущ!» - жери, кхъуэпІащэм Іуигъэзыкlыжащ.

- Уэри уи хьэтыр къилъэгъуакъэ? - къеплъащ мыщэр.

- Нэхъ хьэтырыншэ срихьэлІакъым мы мэзым сызэрыщІэсрэ, - жиІащ кхъуэпІащэм.

- Си хьэтыр къилъагъункІэ хъунщ, сэ сыкІуэнщ, - жери мыщэр ежьащ, джэдум и пщыІэм техьэри джащ.

- Уа, джэдууужь, тхьэмахуэ хъуауэ дыныбаджэщ, дызэдзэкъэн гуэр къыдэт, уи пщІэ ттекІуэдэнкъым.

- Фэ фэзмытмэ, хэт естын: мо пхъэлъантхъуэм мыщэ жэрумэ фІэлъщ, зыгуэр къыфхуищІэнщ, - жиІащ джэдум.

- Уэ мыщэли пшхырэ?

- Дыгъужьылрэ кхъуэпІащэлкІэ зызгъэнщІа нэужь, мыщэл тызошхыхьыж, - жиІащ джэдум.

И псэр и лъэдакъэпэм нэсыжауэ, мыщэр я пщыІэм техьэжащ.

- Емынэр ди ужь къихьащ, - жиІащ мыщэм, дыгъужьымрэ кхъуэпІащэмрэ я деж нэсыжри. - Мы куейм дишх щыІэжкъым дэ: фи щхьэр щІэфхьи, лъэныкъуэ зевгъэз.

Я щхьэр щІахьэри, мыщэр, кхъуэпІащэр, дыгъужьыр мэзым щІэлъэдэжащ, джэдум афІэкІаи зыпэщІагъэхуэжакъым.



● ГушыІэ

## Дохутыр дыхуеймэ-щэ?

ЛІым и щхьэгъусэр гукъыдэмыж къэхъури, сымаджэщым ишащ.

Бжэ щІыхьэпІэм деж щыт бзылъхугъэр къоупщІ:

- Паспорт, тхылъымпІэ фызыхуеинухэр фІыгъ:

- НтІэ.

- ТепІэнщІэлъын къыздэфщта?

- НтІэ.

- Сымаджэр зытелъын щхьэнтэ къэфхьа?

- НтІэ.

- Хущхъуэр зэрыхагъэлъэдэн системэ къэфщэхуа?

- НтІэ.

- Хъэлат хужь щыгъыу мо фи гъусэр хэт?

- Дохутыр дыхуей хъумэ, жысІэри къыздэсшауэ аращ, - итащ жэуап лІым.

## Нэхъыбэ мэхъу

Тыкуэнтетымрэ щэхуакІуэмрэ зопсалъэ:

*Тыкуэнтетым:* - Сом щитІ хуозэ мы къэпщэхум...

*ЩэхуакІуэм:* - Дауэ? ТумэнипщІщ и уасэу тетыр...

*Тыкуэнтетым:* - Пэжщ, аращ тетыр, ауэ сом щитІ хуозэ.

*ЩэхуакІуэм:* - Хъунщ-тІэ... мэ...

*Тыкуэнтетым:* - Мыр тумэнипщІ хъууэ аращ.

*ЩэхуакІуэм:* Пэжщ, сомищэщ тетыр, ауэ сом щитІ мэхъу.

● Псалъэжьхэр

# Гум фІэІэфІыр нэм фІэдахэщ

**●А сигу, зыІэжьэ, а си жьэ, зыубыд.**
**●Абдж щыкъуейм лъапцІэу ухэмыувэ.**
**●Закъуэныгъэ нэхърэ - Іэл къыбдис.**
**●Абы бгым зыщидзыжмэ, уэ вийкІэ увэну? («Умыфыгъуэ, умыижэ» жыхуиІэщ).**
**●Нанэм щІыгъур дадэщ.**
**●Адыгэ и хьэщІэ быдапІэ исщ.**
**●Гъунэгъур унэгъущ, къигъунэгъужыр гъунэгъущ.**
**●Нэгум щІэтыр нэм хуэдэщ.**
**●АдрыщІым ущІэдэумэ, мыдрыщІыр къыплъысынщ.**
**●Жьы зэрымысым нэмыс илъкъым, щІэ зэрымысым насып илъкъым.**
**●Ажалым пхъуантэ кІуэцІми укъыщигъуэтынщ. («Умыкъэрабгъэ» жыхуиІэщ).**
**●Насыпыр фызым къыдокІуэ.**
**●Гъатхэ дыгъэ си нысэ типси, бжьыхьэ дыгъэ сипхъу типсэ.**
**●Къуэрагъыр ираупсеящ. (Къэшэгъуэ, дэкІуэгъуэ чэзур зылъыса щІалэм е хъыджэбзым хужаІэ).**
**●Къуэфl и анэ гуфІэ щигъащІэкъым.**
**●Ажалым умылъыхъуэ, езым укъигъуэтынщ.**
**●Гум фІэІэфІыр нэм фІэдахэщ.**
**●Акъыл зимыІэм насып иІэкъым.**
**●Анэм лъэгу щІэтын зыхуэщІ.**
**●Зи щхьэ уи унэ исым, и псэ уи унэ илъщ.**
**●Зи Іуэху зыфІэмыбэрэ зи бын зыфІэмыдахэрэ щыІэкъым.**
**●АкъылыфІэм делэми бзэ къыхуегъуэт.**
**●Жэм лъакъуэ шкІэ иукІрэ?**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Зы гъэм шкІэщ, ... жэмщ. **6**. ... тхьэшхуэ и жагъуэщ. **7**. Былым къыпщІын нэхърэ ... къыпщІын. **8**. Армум хиса жыгыр ... . **9**. Зэгъунэгъуитl я ... шыкІэ зэхуэдэкъым. **11**. Жьым щытхъуи, ... къащтэ. **12**. ... зыхыхьа псы жэбзэнкъым. **13**. Дунейр зыгъэнэхур ... дыгъэщ. **14**. Ушынэмэ, си кІэ ... къыкъуэтІысхьэ. **18**. Дзэр куэдрэ узмэ - ... . **20**. УэфІрэ уэлбанэрэ я ... зэтенэркъым. **21**. Я выр ... я хьэр пшэрмэ, унагъуэщ. **22**. ЩІопщыкъурэ пэт жьы ... . **23**. ... щІагъуэ мэхъу.

***Къехыу:*** **2**. ... - Іуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ. **3**. Пщэдейрей ... нэхърэ - нобэрей бзу. **4**. Зы хьэщІэм зы ... и жагъуэщи, хьэщІитІыр бысымым и жагъуэщ. **5**. БжызоІэ, си хъыджэбз, зэхэщІыкІ, си... . **10**. Пхъурылъхур къихьэмэ, псатхьэр ... . **11**. Къуийм и ... гуэрэф. **15**. ... дэм хуэдэщи, анэр нэм хуэдэщ. **16**. Іэпхъуамбэхэр зэхуэмыдэ, ... зэдошэрыуэ. **17**. Хьэм ущышынэмэ, уи нэкІэ .... **19**. ... зиІэм имыІэ щыІэкъым.



*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

**ФокІадэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Бэдэху. **4**. Анэл. **6**. Арму. **8**. Гъуо. **9**. Уэ. **13**. ШынакъыкІ. **15**. Къуэ. **16**. Кукъу. **20**. Куржы. **21**. Ерэн. **22**. КъуэщІий.
***Къехыу:*** **1**. Блэгъу. **2**. Дау. **3**. Хуарэ. **5**. Нэд. **10**. Пшэ. **11**. Къан. **12**. АкІэ. **14**. Къыр. **15**. Къурыкъу. **17**. Къуней. **18**. Ажэ. **19**. ЩІэщІ.



**Ефэнды Арсен Абхъазым и ныпыр Министрхэм я Советым и Унэм щыфIедзэ, и ныбжьэгъу Годавэ Януш и гъусэу.**
*Сыхъум, 1993 гъэм и фокIадэ.*



**Ефэнды зэшыпхъухэу Любэрэ Анетэрэ, Арсен и къуэрылъху Дыщэнэ, Арсен и къуэ Заур.**



**Анетэ анэкъилъху IэфIым и кхъащхьэм Iэ делъэ.**

# Адэжь лъапсэм ираха щIы IэмыщIэ

*(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Абы лъандэрэ псы куэд ежэхащ, Iуэхугъуэ мымащIи къэхъуащ. Ауэ Леониди Арсени, абыхэм яхуэдэу абхъазыдзэм хэта зауэлI куэдми я хъыбар зыми ямыщIэу къекIуэкIащ...

Кавказ къуршышхуэхэм я щIыбагъ къыдэлъ щIыналъэм и ищхъэрабгъу лъэныкъуэмкIэ Псоу, Ингур псыхэм я зэхуаку дэлъэ ипщэмкIэ тенджыз ФIыцIэм и толъкъунхэр къедэхащIэу зыщиубгъуащ ди къуэш Абхъаз Республикэм. Километр зэбгъузэнатIэ 8600-рэ хъу щIыпIэр дахащэщ, щхъуантIагъэрэ хьэщIэр зи щIасэ цIыхуфIкIэ къулейуэ. «Апсны» - аращ щIыпIэр зейхэр зэреджэр я Хэкум: апсхэм я щIыналъэ («апс» - абхъазхэр зэрызэджэж «апсуаа» псалъэм и лъабжьэщ, «ны» - щIыпIэ).

Нобэ хуэдэу Абхъазым и уафэр къащхъуэрэ и щIылъэр щхъуантIэу, и щхьэ хуитыжу къекIуэкIакъым. НэхъыжьыIуэхэм ящIэж а республикэм 1992 - 1993 гъэхэм щекIуэкIауэ щыта зауэ гуащIэр. Мазэ 13-рэ махуэ 13-кIэ екIуэкIа зэпэщIэувэныгъэр 1993 гъэм фокIадэм и 30-м иухащ Абхъазым и текIуэныгъэкIэ. Ар и тегъэщIапIэу фокIадэ мазэм и кIэухыр щIыналъэм щагъэлъапIэ къэрал щхьэхуитыныгъэм и махуэшхуэу. Абхъаз Республикэр зи щхьэ хущытыж щIыналъэу зэрыщытыр къащтащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) хэт къэрали 193-м щыщу 5-м, Урысей Федерацэри яхэту, атIэми ООН-м и дэфтэрхэм ар иджыри зэритыр Куржым хыхьэ щIыналъэущ. Дауэ хъуми, цIыху мин 245-м нэс нобэ щыпсэу а къэралым Iэтауэ щагъэлъапIэ Абхъаз лъэпкъым и Хэку зауэшхуэу къалъытэ а зэпэщIэтыныгъэм къахуихьа текIуэныгъэ ину уасэшхуэ зыщIатар.

Абхъазым и лъэныкъуэкIэ зауэм хэтащ зауэлI мин 12-м щIигъу, абыхэм ящыщу зауэр зэрекIуэкIа илъэсым щIигъум кърицбыдэу абы хэкIуэдащ цIыху минхэр, уIэгъэ хъуахэмрэ зи унэ-лъапсэ зыфIэкIуэду щIыпIэм къикIахэмрэ нэхъыбэж мэхъу. Абхъазхэм къадэщIу езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ зауэм Iухьауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ щIалэхэр. ЦIыху мини 2-м щIигъу а гупым лIыгъэрэ хахуагъэкIэ къахэщу зэуащ къэбэрдей щIалэхэр, щхьэмыгъазэу, къуэш республикэм и щхьэхуитыныгъэр бгъэгукIэ яхъумэу. Абыхэм ящыщу цIыху 70-м щIигъум я щхьэр щагъэтIылъащ зауэ IэнатIэм, уIэгъэ хъуахэри нэхъыбэжт. Адыгэхэм ящыщ куэдым къыфIащащ «Абхъазым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр, ди щIалэхэм куэду яхэтщ Леон и орденыр, «Хахуагъэм папщIэ» медалыр зыхуагъэфэщахэри.

Гъунэгъу щIыналъэм щекIуэкIа зауэжьым теухуа сыт хуэдэ хъыбарми хуэнабдзэгубдзаплъэу блэкIа илъэс 30-р ирахьэкIащ Ефэндыхэ СулътIанрэ КIунэрэ яухуауэ щыта унагъуэм исхэм. Гуауэм зэщIиIыгъэрэ гугъэми имыутIыпщу дакъикъэхэр илъэтырт, мазэхэр кIуэрт, гъэхэр зэкIэлъыкIуэрт, лIэщIыгъуэхэм захъуэжырт. Зи адэр пасэу зыщхьэщыкIа унагъуэшхуэм я бынихым: Любэ, Алик, Арсен, Вячеслав, Анетэ, ФатIимэ сымэ гъащIэр къахуэзыгъэнэху вагъуэ нуру къахуэна я анэ КIунэ абрэмывэу и гум телъу ирихьэкIащ и щIалэ екIухэм я курытым и хъыбар зэримыщIэр. «Гугъэр адэжь щIэинщ» жыхуаIэрати, дунейм тетыху анэр пэплъащ и къуэм и хъыбарыфI къэIуным, абы и нэгум зэ нэхъ мыхъуми иплъэжу и Iэ пхъашэр быным и щхьэфэм дилъэну. Зэшыпхъухэм я курыт Анетэ зэрыжиIэжымкIэ, зы махуи дэкIыртэкъым КIунэ и къуэм и гугъу имыщIу: ар абы ирипхырт и нэгу щIэкI сыт хуэдэ Iуэхугъуэми, зэхих сыт хуэдэ хъыбарми. Уеблэмэ «гууз дыдэу кIуэдакъэ мыр» зыхужыпIэну гуэрхэм я жэназыхэм я хъыбар къыщыIукIэ, зи нэхэр нэпс пщтырым щIисыкIа анэм жиIэрт: «Зи насып, псы хуабэ фалъэ тракIауэ и пIэ егъуэтыж. Си щIалэ тхьэмыщкIэ, уэ сытхэр уи щытыкIэу пIэрэ?..» Арсен и анэкъилъхухэрати, дэтхэнэми лъэкI къигъэнакъым я къуэшым, дэлъхум и цIэр къызыхэщынкIэ хъуну дэфтэрхэр къэугъуеинымкIэ, ар зыцIыхуу, зауэ IэнатIэм къыдыIуту щытахэм епсэлъылIэнкIэ.

КIуни, Люби, Арсен къыщIэнауэ щыта и къуэ закъуэ Заури пщIэ къыхуащIу илъэс къэси ирагъэблагъэрт Абхъазым и къэрал махуэщIхэм я саулыкъукIэ абы щызэхашэ фэеплъ зэхуэс инхэм. Псом хуэмыдэжу ерыщу Iуэхум хэтащ быным я нэхъыжь Любэ. Уеблэмэ абы итат ди къэралым иужьрей зэманым зыщызыубгъуа ДНК анализыр. Абхъаз зауэм хэта зауэлIхэм ящыщу нэхъапэм хъыбарыншэу кIуэдауэ къалъыта куэдым я цIэ-унэцIэхэр зэфIэгъэувэжыным, абыхэм зэрахьа лIыгъэмрэ яхэлъа хахуагъэмрэ хэIущIыIу щIыжыным зи лэжьыгъэр теухуа къэлъыхъуакIуэ гупхэм жэуаплыныгъэр яхэлъу илъэс куэд лъандэрэ къадолажьэ Жор Плъыжьым и Дунейпсо Комитетыр (МККК). Любэ нэхъапэIуэкIэ итауэ щыта ДНК анализыр, зи Iыхьлы хъыбарыншэу кIуэда адрейхэм ятахэм щIыгъуу, ягъэхьауэ щытащ МККК-м.

Абдежми къыщыувыIакъым Любэ. Зэкъым икIи тIэукъым шыпхъу гумащIэр дэлъхум и лъыхъуакIуэ гъунэгъу щIыналъэм зэрыщыIар. Илъэс 30-кIэ еш имыщIэу ар иужь итащ Арсен и лъагъуэ гуэр нэхъ мыхъуми техьэным. Абхъаз зауэмрэ абы хэтахэмрэ ягу къыщагъэкIыж фэеплъ зэIущIэхэм ящыщу зы блэзымыгъэкI а шыпхъу гумащIэр абыхэм щызэхих дэлъху хъыбархэмкIэ гушхуауэ къэкIуэжырт, гугъэщIэхэр гукIэ иухуэу. А псори анэ тхьэмыщкIэми къыдалъхуахэми яхуиIуэтэжырт. Абы иужькIэ а псоми я псэм къаруущIэ иIэу къыщыблэжырт гугъэм и мафIэ цIыкIур. А гугъэм иIыгъыу абыхэм аргуэру гъуэгуанэщIэхэр зэпачырт, хъыбарыншэу кIуэда я дэлъху IэфIым и Iуэху зыIутыр къащIэн мурадкIэ.

Апхуэдиз гугъуехьыр пщIэншэ хъуакъым. КъэлъыхъуакIуэхэм иужьрейуэ къагъуэтыжа зауэлI хьэдэ къупщхьэхэм къыхаха ДНК анализхэм языхэзыр къанэ щымыIэу техуащ Любэ итауэ щытам. ЕгъэзыпIэ зымыгъуэту къуршыщхьэ уардэхэм щхьэщыту къащыхъуа дэлъхупсэр псэхужауэ, нэхъ гъунэгъу къахуэхъужауэ къалъытащ а хъыбарыр къызыжраIа Арсен и анэкъилъхухэм, и къуэ закъуэмрэ абы и унагъуэмрэ. Абхъазым и лъэпкъ махуэщIым ирихьэлIэу щIыналъэм щрагъэкIуэкIа мыгъэрей Iуэхугъуэхэми я нэхъыщхьэ дыдэ хъуащ иджыри къэс хъыбарыншэу къалъыта зауэлIхэу ПкIин Леонидрэ Ефэнды Арсенрэ я къупщхьэлъапщхьэхэр пщIэ хуащIу къалащхьэм и щIыпIэ нэхъыщхьэм зэрыщыщIалъхьэжар. Фэеплъ зэIущIэшхуэм къекIуэлIат республикэм и унафэщIхэр, къулыкъущIэхэр, а зауэм и ветеранхэр, абы хэкIуэда зауэлIхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ фэеплъ зэIущIэм зрагъэхьэлIащ Абхъазым и ЛIыхъужьхэу Абхъаз Республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру лэжьа Сосналы СулътIан и щхьэгъусэу щыта Любэрэ а зауэм хэкIуэда Къардэн Владимир (Генэ) и щхьэгъусэу щыта Iэсиятрэ. Iуэхум хэтащ Арсен и анэкъилъхухэр, и къуэ Зауррэ и къуэрылъху Дыщэнэрэ, нэгъуэщIхэри.

- Ди республикэм и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи щхьэр зыгъэтIылъа зауэлIхэм я анэхэ, я Iыхьлыхэ, благъэхэ. Нобэ дигу къыдогъэкIыж абхъаз лъэпкъым щыщ дэтхэнэ цIыхуми пщIэшхуэ зыхуищI а зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэмрэ яхэлъа хахуагъэмрэ. Щхьэхуитыныгъэм щIэхъуэпсу ар зыIэрызыгъэхьа зы лъэпкъи абы тыншу хуэкIуакъым. Абхъазхэри дыаращ. Дэ къыткъуэту, ди гуауэр я гуауэу, я дамэкъ къыдэтауэ а фIыгъуэм ди гъусэу щIэзэуащ нэгъуэщI лъэпкъ куэдым къахэкIа щIалэхэр, пщащэхэр. Абыхэм ящыщщ пщIэ зыхуэтщIу нобэ зи щIы кIапэ зэдгъэгъуэтыж ди къуэшхэу Ефэнды Арсенрэ ПкIин Леонидрэ. Абыхэм зэрахьа лIыгъэхэр ди лъэпкъым и тхыдэ дэфтэрхэм ихуащ, ахэр игъащIэкIи къинащ абхъазхэм ди гум, ди псэм щыщ Iыхьэ хъуауэ, - жиIащ зэIущIэм къыщыпсэлъа, Абхъаз Республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бжание Давид. – Зауэр илъэс 30 ипэкIэ иухауэ жытIэми, ипэжыпIэ абы кIэ щигъуэтынур хэтахэм ящыщу хъыбарыншэ хъуа иужьрей сэлэтым и кхъащхьэ пщIэ хуэтщIу едгъэгъуэтыжа нэужьщ. А Iуэхум елэжьыныр зэпыдгъэунукъым апщIондэху.

Бжание зэрыжиIамкIэ, Куржы-Абхъаз зауэм хъыбарыншэу щыкIуэдахэр къэлъыхъуэжынымкIэ, я цIэ-унэцIэхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ 2010 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыта зэзыгъэуIу IэнатIэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ къагъуэтыжащ икIи я благъэ-Iыхьлыхэм иратыжащ цIыху 230-м я хьэдэ къупщхьэхэр. Псори зэхэту къапщтэмэ, зауэлIрэ мамыр цIыхуу а зэпэщIэувэныгъэм хъыбарыншэу щыкIуэдахэм ящыщу иджыри 1926-р къагъуэтакъым.

ПсэлъапIэр хуит зыхуащIахэм ящыщ куэд къызэхуэсахэм ядэгуэшащ Арсенрэ Леонидрэ ехьэлIа я гукъэкIыжхэмкIэ. Зэшыпхъухэм зэрыжаIэмкIэ, мащIэкъым къабгъэдыхьэурэ я Iэр къэзызубыдахэр, апхуэдэ лIыхъужь къызыхэкIа унагъуэми, зыгъэса адэ-анэми, къыщыхъуа ди республикэми фIыщIэшхуэ къыхуащIу.

- Къэбэрдей-Балъкъэрми, адыгэ лъэпкъыми, Ефэндыхэ я унагъуэми къабгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхузощI си адэ Арсен и къэлъыхъуэныгъэм епха Iуэхугъуэхэм хэта, ар пщIэшхуэ иIэу щIэлъхьэжыным елIэлIа дэтхэнэми, Нобэ ди гумрэ ди псэмрэ щыщIэ псори псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдэщ: зы лъэныкъуэкIи, ди гур хощI, си адэр дызэримыIэжым и щыхьэт наIуэ хэIущIыIу зэрыхъуамкIэ, адрей лъэныкъуэмкIэ - дэри си адэу зи щIы Iыхьэр зыгъуэтыжами ди псэхэр псэхужащ: иджы дощIэ абы и кхъащхьэр здэщыIэр, Iэмал диIэщ дыщыхуейм деж дыбгъэдэсыну, депсэлъылIэну,.. - жиIащ Арсен и къуэ Заур, псалъэ къыщратым. – Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта дэтхэнэми – щIыхьрэ пщIэрэ. Зреузэщ, зреужь ди къуэшхэм, ди адэхэм зи псэр зыщIата щIыналъэ дахэм.

Фэеплъ пэкIур зэфIэкIа нэужь, Абхъазым и Къэрал ныпыр хуаIэту, Гимныр къыхурагъэуэрэ фочхэр щхьэщагъэукIыу щIалъхьащ ПкIин Леонидрэ Ефэнды Арсенрэ, дин хабзэри ягъэзащIэу. Къэбэрдей щIалэм и хьэдащхьэм Iыхьлыхэм тракIутэжащ Аушыджэр адэжь лъапсэм ираха щIы IэмыщIэ. Жэнэтыр унапIэ яхуэхъуауэ Алыхьым къыщIигъэкI. ИужькIэ кхъащхьэхэм Iэ далъащ, ябгъэдэсащ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

- Дызыхэта Iуэхугъуэр дыпсэухукIэ дигу имыхужынщ, - жаIэ Ефэнды зэшыпхъухэм, пыхьэу. – Ди дэлъху IэфIыр къэгъуэтыжынымкIэ, абы и фэеплъ нэхур хъумэнымкIэ апхуэдиз лэжьыгъэ зэфIэзыха къэрал къулыкъущIэхэми жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми фIыщIэшхуэ яхудощI. Гуауэм пэIэщIэу Алыхьым куэдрэ узыншэу игъэпсэу.

Нэпс пщтырым зи гур кърисыкI зэанэкъилъхухэм я гукъеуэр тIуащIэщ. Арсен и хьэдэр къагъуэтыжу пщIэ хуащIу зэрыщIалъхьэжар илъагъуну хунэсакъым гъащIэ кIыхь къэзыгъэщIа я анэ КIунэ. Мы гъэм и щIымахуэм илъэситI хъунущ ар дунейм зэрехыжрэ. Ар имыщIэу и дунейр ихъуэжащ быным я нэхъыщIэ ФатIимэ дахэми. А гуауэр къызэрыхъурэ мазэ бжыгъэщ дэкIар. Я ахърэтыр нэху, хуит хъуну дахуолъаIуэ а бзылъхугъэ щыпкъэхэм. Апхуэдизрэ зэжьа къуэм, дэлъхум и псэр абыхэм ахърэтым къащыпежьауэ Алыхьым къищIигъэкI.

«Псэм ипэ - напэ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Лей къызытехьэ къуэшхэм я къыщхьэщыжакIуэу, нэхъыжьхэм къащIэна а лъэпкъ Iущыгъэр зи гъуазэу а зауэм хыхьа псоми фIыщIэ ин яхуэфащэщ. Зи псэр абы щызытахэм я хьэдрыхэ фIы Алыхьым ищI, ар я нэгу щIэкIауэ дэ къытхэтхэми узыншагъэ быдэкIэ Алыхьыр къахуэупсэну ди гуапэщ. Апхуэдэ гузэвэгъуэ зыхэзымыщIэн лъэпкъ узыншэ дрехъу адыгэхэр (мащIэкъым ди щхьэ кърикIуахэри).

Зи цIэр хэIущIыIу хъужу пщIэ хуащIу мы махуэхэм щIалъхьэжа щIалитIым – ПкIин Леонид Виссарион и къуэмрэ Ефэнды Арсен СулътIан и къуэмрэ – я сурэтышхуэхэр нобэ, фокIадэм и 30-м, фIалъхьэ Гумиста псым узэрикIыу абдеж иIэ бгы зэхыхьэ лъагэм и джабэм. Абы екIуэкIыу щыдолъагъу Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэ зыта зауэлIхэм я фэеплъ сурэтхэр, блэкIри къыблэкIыжри къызэтеувыIэрэ дыуэ хуащIу, тхьэ хуелъэIуу. Зи щIы Iыхьэрэ зи кхъащхьэрэ зыгъуэтыжа а щIалитIым хуэдэу зи насып къимыкIахэри иджыри щыкуэдщ Абхъазым. А псори зэпэщ мыхъужауэ кIыжынукъым абхъаз лъэпкъым и Iэпкълъэпкъым дыркъуэ кууэ къытенэну а уIэгъэ хьэлъэр. ЗэкIэ абы иджыри лъы пщтыр къызэпхевыкI...

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.** 12+

**Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.623 • Заказыр №2130**

**Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР**
**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**